



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



**Diskou Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen an, Rogéda Dorcé DORCIL, nan lansman
3^e edisyon Festival Entènasyonal Literati Kreyòl (FELKreyòl)**

novanm 2021



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Diksou prezidan

Se yon onè pou nou reponn prezan jodi a, nan non Akademi Kreyòl Ayisyen pou nou patisipe nan lansman ofisyèl 3è edisyon Festival Entènasyonal Literati Kreyòl ki gen ti non FEL. Gen plizyè rezon ki motive prezans nou isit la jodi a. Nou ap sèlman souliye kèk.

Kòm lengwis, pwofesè lang ak kilti kreyòl, pwofesè literati ayisyèn ki ekri an fransè osinon an kreyòl, epi kòm Prezidan Akademi Kreyòl Ayisyen, sa fè nou anpil plezi pou nou patisipe epi pran lapawòl nan yon bèl evènman konsa. Non sèlman nou santi nou kontan men tou nou te vle temwanye sa ak prezans nou.

Lòt eleman ki make kontantman nou, se okazyon evènman an bay Akademi an pou li salye yon gwo yon gwo potorik gason, ekriven Claude Pierre ta di yon gwo mapou nan kesyon pwodiksyon zèv literè : powèt ekriven Lyonel Trouillot. Wi, se avèk yon onè ak anpil anpil degi AKA salye gwo potorik gason sa a ki se envite donè Festival entènasyonal Literati kreyòl. Divèsite Lyonel Trouillot nan pwodiksyon an fransè epi an kreyòl fè li tounem yon festival pou kont li. Rezon ? Festival ekri menm jan an an fransè epi an kreyòl. Lyonel Trouillot kòm envite donè pwodui an fransè epi an kreyòl. Se yon festival ki merite yon gwo tonton bravo. Mesyedam FEL yo twè lwen. Yo wè byen. Yo byen fè l... Lyonel TROUILLOT, Envite donè Festival la, se yonn nan otè ayisyen ki prezante yon patikilarite enteresan: li alafwa powèt epi womansye. Lyonel TROUILLOT chita kò li kòmsadwa nan pwezi ak nan woman. Alafwa an fransè epi an kreyòl. Kalite ak dimansyon tèks Lyonel TROUILLOT yo kapab sèvi kòm egzanp pou tout jèn ki vle antre nan literati. Lyonel TROUILLOT, Akademi Kreyòl Ayisyen salye ou epi li kontan wè ou. Yon gwo tonton bravo pou ou.

Yon twazyèm eleman ki motive prezans nou. Festival Entènasyonal Literati Kreyòl (FEL) se inisyativ yon gwoup jèn pran pou yo fè pwomosyon lang, kilti ak literati kreyòl. Yo pa fèmen kesyon an sou Ayiti sèlman. Yo FEL entènasyonal. Akademi an bat bravo pou jèn sa yo, patikilyèman, Anivince JEAN BAPTISTE, prezidan Festival la ak Iléus PAPILLON, Responsab komunikasyon FEL 2021, de (2) jèn nou konnen depi yon bon bout tan k ap travay kinalaganach nan fè pwomosyon kilti, literati ak lang kreyòl ayisyen an. Dayè, nou viv sa atravè zèv yo pibliye. Akademi Kreyòl Ayisyen ankouraje bèl inisyativ sa a epi li felisite dinamis jèn sa yo ak tout rès ekip la: Corneille SAINT FLEUR, Patrick ELIAS, Madam Gertrude SÉJOUR,...



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Pou Akademi Kreyòl Ayisyen, se yon nesesite pou li sipòte inisyativ sa a malgre bidjè li pa gra. Yon lòt bò, Akademi an kwè li pa ka fè travay pwomosyon ak devlòpman lang kreyòl la pou kò li. Akademi lreyol la ap toujou reponn prezan pou li ankouraje chak inisyativ yon gwoup sitwayen, yon enstitisyon osinon yon kreyatè pran pou li ede lang kreyòl la rete vivan. Kalite aksyon konsa mande gwo ankourajman. Se pou sa nou bat bravo lakontantman pou tout lòt ensritisyon ki sipòte Festival la. Nou vle site espesyalman : Fondation Maurice Sixto, Radyo Signal FM, Observatoire Patrimoine, OMDAC, san nou pa blyie okenn lòt enstitisyon ki pote Festival Entènasyonal Literati Kreyòl... Yon kout chapo pou Radyo Signal, emisyon Pawòl Kreyòl nan radyo Signal FM. Se nan Pawol kreyòl lide Festival la te pran fòm. Yo te FEL. Chapo ba pou yo.

Yon lòt eleman ki motive prezans nou nan 3è edisyon Festival Entènasyonal Literati Kreyòl la, se tèm òganizatè yo chwazi pou evènman an : **«Literati nan konstriksyon moun.»** Tèm sa atire atansyon Akademi an lè nou konnen kijan literati kapab yon zouti, yon eleman ki ka ede nou gade sosyete a nan divès epòk. Si avan nou abitye tandem Literati se miwa sosyal, Festival Entènasyonal Literati Kreyòl kwè non sèlman Literati se miwa sosyal, men tou se memwa sosyal. Literati a kapab ede reveye sosyete a nan dòmi. Yon bèl zèv kapab souke konsyans, ede pèp la wè kote li gad, elatriye. Kidonk, atravè tèm **Literati nan konstriksyon moun** se yon bèl invitasyon ekip FEL la fè nou pou nou gade kijan nou ka sèvi ak literati pou oryante sosyete nou an nan pi bon direksyon. Yonn nan komisyon teknik yo nan Akademi kreyòl la ap reflechi san pran souf kijan pou Akademi kreyòl la ede lang ak kilti kreyòl la, kidonk literati pèp ayisyen an antre nan fondalnatal elèv yo depi premye jou yo antre lekòl. Ede chak gress elèv konstui idantite yo atravè kontni, istwa, chante ak pawoli lakay, yon fason pou nou konstui yo kòm moun anjeneral men sitou kòm ayisyen, ki makònèn ak lang li, ak kilti li, ak literati li depi nan premye ane lekòl li.

Nou konprann Festival Entènasyonal Literati Kreyòl la demare nan yon kontèks ki difisil epi ki frajil. Poutan, malgre tout kalite dezawa ak latwoublay peyi a ap viv jounen jodi a, Mesyedam FEL yo di annavan. AKA entèprete aksyon sa a kòm yon mesaj òganizatè yo voye bay sosyete a. Jèn sa yo kwè, peyi a pa ka mouri. E si nou ta di n ap fè silans, nou p ap poze okenn aksyon paske nou pè, paske lari make danje... nou kapab rive nan yon moman nou tout ap lage nan mawon. Ekip FEL la pale ak nou. Nou chak ka poze aksyon pa nou non sèlman pou nou fè pwomosyon bèl zèv literati ki pwodwi nan lang kreyòl la, men tou pou nou poze aksyon ki ka fè sosyete nou an soti nan dòmi.

Pou nou fini, Akademi kreyòl Ayisyen swete tout moun bon patisipasyon nan Festival Entènasyonal Literati Kreyòl la pou ane 2021 an. Annou soulive bon jan deba nan sosyete a sou tèm: **Literati nan konstriksyon moun.** Nan non pa mwen ak nan non Akademi kreyòl Ayisyen an nou pwomèt pou nou kontinye ede aktivite sa a grandi pandan n ap raple apresyasyon nou pou divès enstitisyon ki pote kole pou reyalizasyon bèl evènman sa.



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Annou sipòte festival la, annou fè pwomosyon lang kreyòl ayisyen pou li rive tout kote san fòskote. Patisipe nan tout aktivite yo. Pataje ak sa ki ka vini oubyen lòt ki nan dyaspora pou chak moun goute nan Festival Entènasyonal Literati Kreyòl. Koze lakay la di : se gou sòs ki mete lang deyò. Gou sòs la nan seremoni lansman an pèmèt nou espere nou pati pou yon 3è edisyon ki ap kite bon gou nam bouch chak grenn patisipan.

Bon travay. Annou FEL!

Mèsi anpil.